# माटी के मूर्ति से ताकेली मुसुकाई के भोजपुरी भजन लिरिक्स

माटी के मूर्ति से,
ताकेली मुसुकाई के,
त अजबे रूप सुहावन लागे,
दुर्गा माई के,
त अजबे रूप सुहावन लागे,
दुर्गा माई के।bd।

---

आग खाती आग बाड़ी,
पानी खाती पानी,
जे जईसे चाहे वईसे,
मिले माता रानी,
छन में मईया सब कुछ देली,
मनसाई के,
त अजबे रूप सुहावन लागे,
दुर्गा माई के।bd।

---

इहे मन करे माई,
साल भर रहिती,
एक बेरी अईती त,
फेर नाही जईती,
लोगवा भगिया जगावे दुअरा,
आई के,
त अजबे रूप सुहावन लागे,
दुर्गा माई के।bd।

---

जबसे बईठली मईया,
आके पंडाल में,
अजबे के ऊर्जा बावे,
देख प्यारेलाल में,
सर्वेश सब कुछ पवले,
देवी भजनियां गाई के,
त अजबे रूप सुहावन लागे,
दुर्गा माई के।bd।

---

समस्त भजनों के लिरिक्स और विडियो बिना इन्टरनेट के भी अपने मोबाइल में देखने के लिए गूगल प्ले स्टोर या एप्पल एप्प स्टोर से 'भजन डायरी एप्प' जरुर इनस्टॉल करे। वेबसाइट - https://www.bhajandiary.com

माटी के मूर्ति से,
ताकेली मुसुकाई के,
त अजबे रूप सुहावन लागे,
दुर्गा माई के,
त अजबे रूप सुहावन लागे,
दुर्गा माई के।bd।

**Singer – Khesari Lal Yadav**
**Upload By – Sarvesh Sargam**
**9113972124**

---

समस्त भजनों के लिरिक्स और विडियो बिना इन्टरनेट के भी अपने मोबाइल में देखने के लिए गूगल प्ले स्टोर या एप्पल एप्प स्टोर से 'भजन डायरी एप्प' जरुर इनस्टॉल करे। वेबसाइट - https://www.bhajandiary.com